

Lavi Kèk Bèt Nan Mojave (Expository Text) Otè: Laurence Pringle



Dezè Mojave

Yon **dezè** se yon kote ki sèk epi anpil fwa ki fè cho anpil tou. Chak ane se sèlman yon ti kras lapli ki tonbe nan Mojave, yon dezè ki pi piti nan Amerik Nò a. Menm lè Mojave sèk anpil, li se yon bon **anviwonman** pou zannimo ak plant.

Nan Mojave a ou k ap wè plizyè kalite leza ki sòti nan menm fanmi. Tout **leza** se **reptil**. Tout leza gen po soup, men poutan yo diferan nan plizyè fason. Leza epine, pa egzant, pa long anpil. Se plis **ensèk** yo manje.

Leza ki rele chuckwalla diferan. Li ka grandi plis pase twa **pous**. Gwo leza sa manje fèy, flè, ak fwi plant yo. Li gen yon fason espesyal pou l **pwoteje** tèt li. Si yon chuckwalla santi li **andanje** l ap kouri al kache tout swit nan mitan kèk wòch. La menm l ap vale enpe lè pou kò l ka **gonfle**. Li fè sa yon fason pou lòt **predatè** pa ka rale po l.



Chuckwalla sa ap kouri kache kòl nan mitan wòch si yon predatè ap vin prè l



Mojave siyifi: tou kole ak dlo.

